



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB KI GEN 102 INITE NAN KATYE FORDHAM NAN BRONX

St. James Terrace Gen ladan 51 apatman avèk sèvis sipò pou sila yo ki gen pwoblèm sanzabri

Nouvo Sant Kominotè a pral bay aktivite ak sèvis edikatif pou timoun ak granmoun; Nouvo kay pou gadmanje chak semèn

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann St. James Terrace, yon nouvo devlopman 64 milyon dola ki sou kote St. James Episcopal Church avèk 102 apatman abòdab, ki gen ladan 51 ki gen sèvis sipò sou plas pou moun ki gen pwoblèm sanzabri ak yon Sant kominotè ki pral ofri yon varyete pwogram ak yon gadmanje chak semèn. Nan senk ane ki sot pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk te finanse 14,000 lojman abòdab nan Bronx. St. James Terrace kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul ki sou wout pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"St. James Terrace se pwodwi yon kominote solidè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Legliz la te rekonèt valè pwopriyete ki pa itilize a e li te itilize l pi byen pou bezwen ki pi ijan nou yo – kreye nouvo kay abòdab, solidè ki bay sipò pou sa yo ki pi nan bezwen, ansanm ak yon etablisman kominotè ak kay pou yon gadmanje. Nou remèsye St. James Episcopal Church ak tout patnè nou yo pou kontribisyon yo nan konstriksyon lojman nan Bronx ki te nesèsè an ijans."

Bilding nèf etaj la gen ladan yon nouvo etablisman kominotè nan premye etaj la ki pral ofri yon seri sèvis ak pwogram ki benefisye rezidan yo ak kominote a an jeneral, tankou yon sèvis gadmanje chak semèn ak repa cho, seminè finansye ak byennèt epi yon pwogram apre lekòl ki pral ofri yon kou patikilye ak ti goute pou timoun yo ki gen laj pou lekòl nan katye a.

Yon lakou amenaje konekte legliz la ak bilding rezidansyèl la, epi rezidan yo pral gen aksè a yon teras anlè, salon, sal plizyè fonksyon, yon sal lesiv, depo bisiklèt, sal egzèsis fizik ak biwo epi espas ki destine a ekip sèvis sosyal Concern for Independent Living.

Finansman Eta a gen ladan 28 milyon dola nan kredi taks federal pou lojman ki gen revni ki ba yo, 10.6 milyon dola nan sibvansyon HCR ak 6 milyon dola nan Pwogram Fon pou Lojman Abòdab Biwo Kay ak Kominote Rezilyan HCR, ki te fèt pou ogmante rezèv lojman abòdab nan zòn ki mwens ekspoze a inondasyon. Pwojè a te resevwa yon finansman 433,000 dola pou devlopman pwogram Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta Nouyòk la. Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta Nouyòk la ap bay 4.9 milyon dola atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) pou bay sibvansyon kapital pou devlopman lojman pèmanan avèk sipò St. James Terrace la. Concern Housing te dirije ekip devlopman an.

Apatman sipò yo abòdab pou moun ki gen yon revni ki egal oswa ki pi ba pase 50 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan epi yo benefisye sibvansyon Inisyativ Lojman Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ke OMH administre. Sèvis sipò, ke Concern for Independent Living ofri, gen ladan jesyon ka, kowòdinasyon swen, oto-sifizans ak sipò sante mantal. Depatman Sèvis pou Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS) Vil Nouyòk ak lopital lokal yo epi kay sante bay referans pou lojman sipò yo. Anplis de sa, devlopman an benefisye de yon kontra Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri ke Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape yo te administre.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la, RuthAnne

Visnauskas, te deklare "Non sèlman St. James Terrace pote plis pase 100 kay nan katye sa a, men li pèmèt legliz la ak lòt òganizasyon elaji sèvis pou timoun ak granmoun epi li bay yon baz solid sipò pou tout kominote a. Envestisman 64 milyon dola sa a mete aksan sou angajman kontinyèl nou an nan Bronx ki gen ladan alafwa lojman ak yon nouvo sant kominotè ki pral ofri yon sèvis gadmanje ak repa cho – kreye yon devlopman enpòtan ki pral benefisye katye a pou ane k ap vini yo."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare,

"Lojman sipò se yon eleman enpòtan nan efò nou pou asire Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal gen yon kote ki estab kote y ap santi yo lakay yo. St. James Terrace pral bay yon nouvo bèl rezidans ak sèvis k ap chanje lavi moun epi ki pral ede yo viv ak epanouyi nan katye Fordham nan Bronx. Pwojè sa a, menm jan ak anpil lòt devlopman lojman ki bay sipò ke Eta finanse demontre angajman solid Gouvènè Hochul pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a yon lojman ki an sekirite epi ki abòdab."

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, Barbara

C. Guinn, te deklare, "Ouvèti St. James Terrace bay moun ki te ansyen sanzabri yo yon lojman ki an sekirite, abòdab ki nesèsè anpil ak aksè fasil a sèvis sipò esansyèl yo bezwen pou konstwi ak mennen lavi ki estab. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te rekonèt avèk rezon pouvwa lojman sipò pou transfòme lavi kèk nan lòt Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo ak pou Concern Housing ak tout patnè eta ak lokal ki te sipòte pwojè sa a."

Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare, "Mwen felisite ouvèti St. James Terrace nan Bronx, ki pral ofri fanmi yo yon kote ki abòdab pou yo viv ansanm ak sèvis sipò yo bezwen pou atenn estabilite alontèm. Li esansyèl pou nou kontinye bay priorite a lojman abòdab nan vil nou an."

Manm Asanble Yudelka Tapia te deklare, "Nou pa jis bezwen lojman abòdab; nou bezwen lojman abòdab ak sipò ki pral pèmèt rezidan yo retounen sou pye yo epi rejwenn endepandans yo. St James Terrace pral fè sa. Pwojè sa a voye yon mesaj ke nou pran angajman pou abòde kriz sanzabri yo atravè senk katye Vil Nouyòk yo epi fè sa nan yon fason ki pral fè bagay yo mache pou sa yo ki pi touche yo."

Prezidan Katye Bronx lan, Vanessa Gibson te deklare, "Lojman abòdab enpòtan anpil pou rezoud kriz lojman nan Bronx. Achèvmant St. James Terrace se yon etap enpòtan, k ap bay 102 nouvo kay ak sèvis esansyèl pou rezidan ki pi vilnerab nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, St. James Episcopal Church ak tout lòt moun ki te enplike nan reyalizasyon pwojè sa a."

Direktè Egzekitif Concern Housing, Ralph Fasano te deklare, "St. James Terrace reprezante non sèlman travay di ak devouman pou tout moun ki te fè sa posib, men tou yon avni pi bèl pou manm kominote a ki pral rele li lakay yo. Vil Nouyòk bezwen ijan plis lojman abòdab ak sipò epi nou rekonesan pou patnè nou yo ki te ede rann moman sa a posib. Bay yon kote ki estab pou viv pa rapò ak kontèks bèl e istorik sa a se yon gwo sous fyète pou òganizasyon nou an."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo. Anplis de sa, nan kad bidjè ane fiskal 2023 adopte a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 45,000 kay jiska dat.

Bidjè adopte ane fiskal 2025 la te ranfòse tou Pwogram Kominote ki an Favè Lojman ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou jwenn aksè nan jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Nan jou sa a, plis pase 200 kominote te sètifye, enkli Vil Nouyòk.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)